

[illegible]

Yon remèsiman espesyal pou Komite Pilotaj Rejyonal Manhattan pou “Ending the Epidemic” ki te ban nou opinyon kominote a pou prepare bwochi sa a.



RET AN SANTE PANDAN W AP VYEYI

Kontinje amelyore kalite Sante w apre 50 an

Zouti pou kominike ak doktè w la

Zouti sa a met aksan sou kèk nan egzamen ak tès depistaj ki rekòmande yo, pou ede w detekte epi jere pwoblèm sante ki lyè ak vyeyès. Yo ka ede w gen konvèsasyon pozitif epi ki itil avèk ekip swen sante w la.

Toutpandan moun ap vyeyi, yo ka kòmanse santi siy kèk maladi fizik oswa mantal ki popilè. Maladi sa yo kapab afekte zo yo, kapasite pou yo ret konsantre, epi afekte memwa yo, atitid yo ak lòt fonksyon nan kò a.

Nòmalmán, se bagay ki rive lè moun ap vyeyi, men moun k ap viv ak VIH ka santi siy sa yo pi bonè oswa pi souvan. Sa rive sitou lakay moun ki gen VIH ki pa siprime (chaj viral detektab).

Lè yo idantifye problem sa yo bonè, li posib pou jere yo e menm amelyore yo. Sa pèmèt granmoun k ap viv ak VIH yo viv pi lontan, an pi bon sante, epi gen yon pi bon kalite lavi.

Bwochi sa a fèt pou ede w kolabore ak pwofesyonèl swen sante w la pou w ka pale sou tout sa k ap trakase w pandan w ap vveyi.



**Sèvi ak lis sa a lè w ap pale avèk doktè w la.
Koche chak pwen ou fin diskite sou li.**



- ☐ Tès Depistaj Sante Mantal
memwa, twoub konyitif • depresyon,
anksyete, izolasyon • depistaj pou move
esperyans ou te fè nan timoun (ACEs)



- ☐ Depistaj pou wè si zo w solid (DEXA scan)



- ☐ Depistaj vizyon ak tès lekti



- ☐ Depistaj mobilite ak feblès nan kò a



- ☐ Tès odisyon



- ☐ Egzamen dan



- ☐ Depistaj ICOPE
(Swen entegre pou granmoun aje)



- ☐ Evalyasyon risk pou tonbe



- ☐ Tès kolestewòl ak tès pou maladi kè,
tès kreyatinin pou ren, depistaj nan poumon pou
BPCO (maladi poumon kwonik ki bay pwoblèm
respiratwa), ak radyografi (X-ray) pou poumon.

TANPRI SONJE: Pwofesyonèl swen sante w la ka rekòmande w fè lòt depistaj oswa lòt tès selon jan w santi w, selon pwoblèm sante w genyen oswa dosye medikal ou. Li ka rekòmande w kèk randevou suivi tou.

Lè w ap prepare pou randevou w la:

- Sèvi ak bwochi sa a pou ekri kesyon ou ta renmen poze doktè w la sou sante w.
- Mande doktè w la chak kilè ou ta dwe fè tès depistaj sa yo.
- Si w gen kesyon sou sèvis asirans ou an, rele nan nimewo ki dèyè kat asirans ou a oswa pale ak asistan sosyal (caseworker) ou an.
- Sistèm swen sante a ka konplike pafwa pou w konprann. Pa pè mande zanmi ou oswa fanmi w pou ede w.

Non doktè mwen an

Dat randevou a